

**Pandan w ap panse
ak gadri pou pitit
ou ki nan laj lekòl...**



**fè yon vizit...
poze kesyon...
epi deside.**



**Office of Children
and Family Services**

Capital View Office Park 52
Washington Street
Rensselaer, NY 12144

Chwazi bon gadri se yon desizyon enpòtan. Gadri ki gen sekirite epi ki pozitif poze baz kwasans ak devlopman an sante. Sa pran tan, pasyans epi sa mande pou w konprann sa w dwe chache lè w ap chwazi gadri.

Enfòmè w sou diferan pwogram gadri yo epi vizite yo avan ou pran yon desizyon. Rele pou w pran randevou. Obsève anviwònman gadri a ak anpil atansyon. Gade kijan timoun yo ak adilt yo ap pale youn ak lòt. Poze kesyon. Tande. Pale ak paran ki itilize pwogram nan.

Lè ou fin chwazi yon gadri epi pitit ou a nan gadri a, toujou kontinye poze kesyon. Toujou verifye pou w asire w pwogram nan toujou reponn a bezwen fanmi w. Se yon pakèt travay, men pitit ou a merite sa.

Chwazi yon gadri se yon etap enpòtan nan vi pitit ou a. Ou konn sa pitit ou a ak fanmi w bezwen. Desizyon enpòtan sa a ap fè yon gwo diferans nan devlopman pitit ou a, sante l ak byennèt li.

Panse a resous Gadri a

Rele New York Parents' Connection nan (800) 345-KIDS oswa vizite www.ocfs.ny.gov pou lòt materyèl Panse ak Gadri.

- Pandan W Ap Panse ak Gadri
- Pandan W Ap Panse ak Gadri pou Bebe Ou
- Pandan W Ap Panse ak Gadri pou Pitit ou ki nan 3 rive 5 Lane



Office of Children and Family Services

Capital View Office Park
52 Washington Street
Rensselaer, NY 12144
www.ocfs.ny.gov

Pou w jwenn yon kopi lwa sou gadri nan Eta New York oswa plis enfòmasyon sou jan pou w chwazi gadri, kontakte ajans resous gadri ki nan zòn ou an, oswa ale sou sit entènèt Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi Eta New York la www.ocfs.ny.gov oswa rele Parents' Connection New York la nan **1-800-345-KIDS**.

Rele sou Liy Telefòn pou Doleyan sou Gadri a nan **1-800-732-5207** pou pwoblèm ki konsène yon pwogram. Nan New York, rele **311** oswa **1-800-732-5207**

Pou pote plent pou timoun yo maltrete oswa neglije, rele **1-800-342-3720**.

Gen yon lòt tiliv ki disponib nan Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi Eta New York la:

Lwa Kieran nan (Pib-4628) se yon tiliv sou responsablite ak sèvis ki disponib pou ou kòm patwon nan yon gadri nan kay.

Konfòmman ak Lwa sou Ameriken ki Gen Andikap la, Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi Eta New York la ap mete materyèl sa a disponib sou demand sou yon fòm adapte.

Pub. 1115D-HC (Rev. 2/2018)



Èske w enskri pou vote?
Enskri pou w vote sou entènèt jodi a.
<http://www.ny.gov/services/register-vote>

Pèyman Gadri

Ou kapab kalifye pou jwenn èd pou peye gadri. Kontakte depatman sèvis sosyal ki nan Konte w la pou ou jwenn plis enfòmasyon sou sibvansyon pou gadri. Pou w jwenn depatman sèvis sosyal nan zòn ou an, rele Parents' Connection Eta New York la nan **(800) 345-KIDS** oswa ale sou www.ocfs.ny.gov.

Kredi Taks pou Gadri Timoun ak Moun ki ki gen yon Andikap

You kapab kalifye pou ou reklame kredi taks pou timoun ak pou moun ki gen yon andikap Eta New York la. Pou plis enfòmasyon, kontakte Depatman Enfòmasyon Jeneral sou Taks ak Finans Eta New York la sou **(518) 457-5181** oswa ale sou sit entènèt la sou www.tax.ny.gov.

Nòt: _____

1. Vizite pwogram gadri a pandan li ouvri epi gen timoun ladan l.
2. Pran tan pou poze kesyon. Obsève pwogram nan pou w wè kijan yo jere bagay yo.
3. Asire w pwogram gadri a:
 - Gen ase gadyen/pwofesè pou kantite timoun yo. Gade lwa Eta New York State yo pou w verifye yo respekte.
 - Li pran mezi pou evite aksidan epi li gen yon plan pou jere ijans ensandi oswa ijans medikal.
 - Li konn kòman pou l ede timoun rete an sante epi li anseye yo abitud alimantè k ap pèmèt yo rete an sante.
 - Li pwograme aktivite rekreatif ekilibre ki aktif epi kalm pou anndan ak pou deyò.
4. Bon relasyon ant timoun ak gadyen/pwofesè enpòtan. Gadyen an/ pwofesè a dwe:
 - Pran plezi pale ak timoun yo epi jwe ak yo.
 - Gen eksperyans ak fòmasyon nan pran swen timoun.
5. Pran pri, kote ak lè gadri a ouvri an konsiderasyon.
6. Pale ak paran ki itilize pwogram nan epi chache jiskaske ou satisfè ak chwa w la.

Gadri gen lisans oswa otorizasyon dwe satisfè egzijans espesyal konsènan sante, sekirite ak pwogram. Kèk pwogram ka pa bezwen satisfè lwa Eta a pou yo bay swen legalman. Opsyon sa yo ta dwe satisfè pwòp egzijans pa ou pou sante, sekirite ak devlopman pitit ou a.

Sityasyon Gadri ki Règleman pou Tout Laj

- Sant Gadri - plis pase sis (6) timoun, ki pa lakay yon moun, pandan plis pase twa zè pa jou.
- Ti Sant Gadri – twa (3) jiska sis (6) timoun, ki pa lakay yon moun, pandan plis pase 3èdtan pa jou.
- Gadri Familyal Adomisil - Twa (3) jiska sis (6), nan kay, pandan plis pase 3èdtan pa jou.
Youn oswa de (2) timoun ki nan laj lekòl an plis ka vini aprè lekòl. Dwe gen yon gadyen pou chak de timoun ki gen mwens pase de (2) lane.
- Gadri Familyal Adomisil an Gwoup –sèt (7) jiska 12 timoun nan yon kay, ak èd yon asistan, pandan plis pase twa zè pa jou. Jiska kat timoun anplis ki nan laj lekòl ka vini aprè lekòl. Dwe gen yon gadyen pou chak de timoun ki gen mwens pase de (2) lane.
- Avantaj - lisansye kòm gadri ki bay timoun ak fanmi sèvis sipleman tè.
- Pwogram Avan Kindègadenn – anpil lekòl piblik ofri pwogram sa yo pou timoun soti 3 rive 5 lane pandan ane lekòl.
- Gadri pou Timoun ki Gen Laj Lekòl – sèt (7) timoun oswa plis (timoun kindègadenn jiska timoun 12 lane) nan lè ki pa gen lekòl.

Pwogram 2

Pwogram Gadri a: _____

Adrès Gadri a: _____

Nimewo Telefòn Gadri a: _____

Kalite Gadri: _____

Kantite Timoun: _____

Kantite Gadyen/Pwofesè: _____

Pwogram 3

Pwogram Gadri a: _____

Adrès Gadri a: _____

Nimewo Telefòn Gadri a: _____

Kalite Gadri: _____

Kantite Timoun: _____

Kantite Gadyen/Pwofesè: _____

Enfòmasyon/Kantite Gadyen/Pwofesè pa rapò ak Kantite Timoun

Ta dwe gen ase gadyen/pwofesè pou kantite timoun ki gen nan pwogram nan. W ap jwenn rasyo pou siveyans ki reglemante yo nan lwa Eta a. Brochi sa a gen endikasyon pou gadri ki legal men ki pa reglemante.

Pwogram 1

Pwogram Gadri: _____

Adrès Gadri a: _____

Nimewo tetefòn Gadri a: _____

Kalite Gadri: _____

Kantite Timoun: _____

Kantite Gadyen/Pwofesè: _____

Sityasyon Gadri Ki Legal men Ki Pa Reglemante

- Siveyans ki Pa Fòmèl – siveyans manm fanmi yon timoun, zanmi fanmi l oswa vwazinay ki veye yon timoun ou de (2) ki pa gen lyen ak gadyen an, men yo pa dwe janm depase uit timoun antou.
- Gadri nan Kay - lè gadyen vin lakay ou pou l veye pitit ou.
- Pwogram Lekòl Enfimyè Prive ak Pwogram Avan-kindègadenn – Yon pwogram ki pa lakay yon moun k ap pran swen timoun twa zè pa jou.

Ranpli lis la

Vizite chak pwogram. Poze kesyon epi obsève pou ou wè kòman yo jere bagay yo. Poze kesyon sou bagay ki enpòtan pou ou ki pa nan lis la. Selon sa w jwenn, ekri W/wi oswa N/non nan espas ki rezève pou sa. Lè ou fin fè vizit yo, konpare diferan pwogram yo. Pale ak lòt paran ki itilize pwogram nan. Chwazi pwogram k ap pi bon pou pitit ou a.

Kesyon ou dwe poze ak sa ou dwe chache...

Pri pou gadri an, lè pwogram nan ak transpò se bagay ki enpòtan pou w pran an konsiderasyon lè w ap chwazi yon gadri. Pou Gadri pou timoun ki lekòl, paran yo dwe pran transpò ant gadri a ak lekòl la an konsiderasyon epi yo dwe konnen si gadri an disponib lè lekòl bay vakans oswa lè jou nèj.

Bezwen Fanmi	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Transpò disponib ant lekòl la ak pwogram nan oswa pwogram nan sou sit lekòl la.			
Pwogram nan ouvri nan lè pitit ou a bezwen gadri.			
Pwogram gadri a ouvri lè lekòl fèmen jou ferye, lè vakans, jou nèj ak pou demi jounen.			
Poze kesyon sou politik tankou: <ul style="list-style-type: none"> • Pèyman sibvansyon gadri • Opsyon pèyman • Delè ak penalite pou reta • Pèyman vakans ak jou ferye 			
Paran kapab vizite pwogram gadri a nenpòt lè li ouvri.			

Avan Ou Pran Desizyon an

Konpare diferan pwogram ou vizite pandan rechèch ou a epi pran yo an konsiderasyon. Poze lòt paran kesyon sou pwogram nan. Rele biwo rejyonal Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi Eta New York la pou jwenn istorik lisans lan (ak tout reglemantasyon sou vyolasyon) sou nenpòt pwogram ki règleman. Pou kontakte biwo rejyonal ou a, rele nan **(800) 732-5207** oswa ale sou sit entènèt la nan **www.ocfs.ny.gov**. Istori vyolasyon disponib sou sit entènèt OCFS a tou nan: www.ocfs.ny.gov. Apresa, deside kote ou santi w alèz pou kite pitit ou a ak si li pi adapte a bezwen fanmi w.

Avan Ou Pran Desizyon an	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Biwo rejyonal OCFS la ap enfòme w si pwogram nan <ul style="list-style-type: none"> • Lisansye oswa otorize. • Te lisansye oswa otorize avan sa. • Gen yon istwa otorizasyon/ lisans oswa vyolasyon. 			
Pale ak lòt paran ki itilize pwogram nan.			

Nòm: _____

Panse ak Jesyon Konpòtmantal Pozitif

Panse ak Bezwen Fanmi w

Kesyon ou dwe poze ak sa ou dwe chache...

Prwogram yo bezwen mete limit pou timoun yo. Limit sa yo depann de laj timoun nan ak kapasite l. Yo dwe raple timoun yo limit yo san yo pa frape yo oswa fè yo pè, blese santiman yo oswa retire yon bagay ki enpòtan pou yo tankou manje ak repo. Chatiman fizik pa akseptab ditou.

Jesyon Konpòtmantal Pozitif	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Pwogram nan gen yon Plan Jesyon Konpòtmantal ekri yo bay chak paran.			
Paran yo ak Plan Jesyon Konpòtmantal pwogram nan.			
Nou konprann timoun ki gen laj pou ale lekòl bezwen: <ul style="list-style-type: none"> • konnen règ pwogram nan ak ki sa k ap pase si yo respekte yo; • di sa yo santi epi itilize pawòl pa yo; • jwenn ankourajman pou kowopere; • aprann de erè epi ankouraje yo esye ankò; 			
Evite blese santiman, pwogram nan pa aksepte mokri, entimidasyon ak bay moun non.			

Kesyon ou dwe poze ak sa ou dwe chache...

Bezwen Fanmi	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Paran yo gen yon kopi politik règ pwogram gadri a.			
Yo enfòme paran yo sou aktivite pou timoun omwens yon fwa pa semèn.			

Nòt: _____

Kesyon ou dwe poze ak sa ou dwe chache...

Yon bon relasyon ant timoun nan, fanmi ak gadyen/pwofesè enpòtan pou tout moun. Gadyen an /pwofesè a dwe gen eksperyans ak fòmasyon nan travay ak timoun ki nan laj pou al lekòl. Gadyen an /pwofesè a dwe kominike byen ak timoun yo ak paran to.

Panse ak Gadyen an/Pwofesè a	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Gadyen an /pwofesè a gen eksperyans nan travay ak timoun ki nan laj pou al lekòl epi li pran plezi travay avèk yo.			
Gadyen an /pwofesè a pran fòmasyon sou sante, sekirite ak devlopman timoun.			
Gadyen an /pwofesè a respekte valè ak kilti fanmi timoun nan epi li konprann yo.			
Tout gadyen/pwofesèki règlemante, ranplasan ak tout moun ki gen plis pase 18 lane k ap viv nan kay gadri ki règlemante, yo fè anprent dijital ak tout rechèch kazye jidisyè ak rechèch sou abi sou minè nesèsè pou yo.			

Nòt: _____

Moman Aktif ak Moman Kalm	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Timoun yo pase tan deyò anba sipèvizyon chak jou sof si l fè move tan.			
Espas aktivite anndan ak deyò ak ekiman yo pwòp, yo san danje epi yo pa gen kote ki file.			
Gen ekipman mou ak espas kalm pou timoun ki bezwen pran repo apre yon jounen lekòl konplè.			
Gen yon espas kalm ki anba kontwòl pou timoun fè devwa.			

Nòt: _____

Panse ak Jounen Yo

Aprantisaj, Refleksyon ak Imajinasyon	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Avan lekòl, yo pwograme aktivite kalm pou ede timoun yo prepare yo pou jounen lekòl la.			
Gen yon varyete jwèt ak materyèl ki pwòp, san danje epi ki an bon eta pou timoun yo itilize poukont yo: <ul style="list-style-type: none"> • Materyèl pou travay atis ak pou brikolaj • Jwèt plizyè moun ka jwe, pèzèl • Kasèt oswa CD mizik 			
Yo planifye aktivite pou timoun yo travay ansanm tankou plante yon jaden oswa prepare goute.			

Moman Aktif ak Moman Kalm	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Gen mwayen san danje epi ki aktif pou timoun yo libere enèji epi pou yo bouje misk aprè yo fin pase tout jounen an lekòl.			
Timoun ki pi piti pa an konpetisyon ak timoun ki pi gran pou espas pou yo.			

Nòt: _____

Panse ak Gadyen an/ Pwofesè a

Panse ak Kalite Gadyen an/Pwofesè a	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Mande gadyen enfòmèl la si li gen yon kazye jidisyè epi si ap gen nenpòt lòt moun ki gen plis pase 18 lane nan kay la nan lè gadri a.			

Nòt: _____

Kesyon pou ou poze ak sa ou dwe chache...

Li enpòtan pou w konnen ki mezi pwogram nan pran pou evite aksidan epi ki plan li mete an plas sizoka ta gen aksidan.

Pou Anpeche Aksidan	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Gadyen an/ pwofesè a sipèvize timoun yo epi li ba yo: <ul style="list-style-type: none"> Tan pou yo rete pou yo regle zafè prive yo epi pou yo endepandan pandan yo toujou anba sipèvizyon. Chans pou yo jwe poukont yo ak 1-2 timoun. 			
Yo verifiye si pwogram nan pa gen sibstans danjere tankou plon, radon ak amyant.			
Pwogram nan verifiye ekipman ki deyò ak sa ki anndan pou gade si yo pa ize oswa chire.			
Gen kloti ak lòt baryè solid pou kenbe timoun yo lwen pisin, etan ak lòt dlo.			

Nòt: _____

Kesyon pou ou poze ak sa ou dwe chache...

Aprè yon jounen lekòl konplè, chak timoun ap gen bezwen diferan. Pwogram nan dwe ofri yon varyete aktivite pou timoun yo chwazi sa yo pito. Dwe gen aktivite rekreyatif aktif ekilibre, kalm pou anndan ak deyò

Pale ak Langaj	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Yo ankouraje timoun yo li, ekri, pale api poze kesyon. Gen klas varyete liv ak magazin pou tout laj ak pou tout nivo lekti.			

Gade Televizyon	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Yo itilize televizyon ak videyo pou ti tan tou kout sèlman ak pou rezon edikatif.			
Gen lòt aktivite pou timoun ki pa vle gade televizyon oswa videyo.			
Itilizasyon jwèt yo kenbe nan men limite.			

Nòt: _____

Panse Kenbe Timoun Yo An Sante

Lè Timoun Malad oswa Blese	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Plan swen sante a prevwa si pwogram nan ap bay timoun yo medikaman.			
Gadyen an/Pwofesè a gen kapasite ak fòmasyon pou l: <ul style="list-style-type: none"> • bay timoun yo medikaman ki san preskripsyon oswa medikaman ki gen preskripsyon; • ka fè diferans ant yon ti blese ak yon blese ki mande atansyon yon medsen; • bay premye swen ak masaj resisitasyon kadyak (CPR); 			

Manje Bagay Ki Sen	Pwogram 1	Pwogram 2	Founisè 3
Repa ak goute fèt ak yon varyete pwodui fre: fri, legim, vyann, pen, ak pwodui ki fèt ak lèt.			
Moman goute a ka fleksib epi li dire ase tan pou timoun yo pa bezwen prese. Timoun yo ka pran goute a lè yo rive nan pwogram nan, epi yo avèti yo avan yo retire goute yo.			
Moman goute oswa repa se yon moman pou timoun yo pale de jounen yo avèk zanmi yo ak gadyen/pwofesè yo.			

Panse ak Sekirite

Pou Anpeche Aksidan	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Gen yon sistèm pou kontwòle timoun k ap patisipe nan aktivite ki p ap fèt sou sit la tankou leson patikilye, kou dans oswa kou mizik, oswa aktivite espò.			

Jesyon Ijans	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Pwogram nan gen yon plan pou jere ijans ensandi ak ijans medikal.			
Gen yon kit premye swen disponib.			
Gadyen an/ pwofesè a konn jan pou l pran swen ti blese ak sa pou l fè lè blese mande deplasman pou al kay doktè oswa nan sal ijans.			
Pwogram nan gen yon telefòn pa l. Yo afiche nimewo telefòn ponpye, lapolis, anbilans ak kontwòl pwazon.			

Nòt _____

Ijans Ensandi	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Gen detektè lafimen nan chak etaj ak ekstenktè plizyè fonksyon nan pwogram. Sit pwogram pou timoun ki nan laj pou al lekòl gen sistèm deteksyon ensandi.			
Yo fè pratik ak timoun yo sou plan evakyasyon pou ijans ensandi a oswens yon fwa pa mwa.			
Gen omwens de (2) pòt sòti separe pou si gen ensandi.			

Nòt: _____

Kesyon pou ou poze ak sa ou dwe chache...

Pou kenbe timoun yo an sante, pwogram nan dwe ankouraje abitud ki sen epi pran mezi pou anpeche mikwòb simaye. Asire w ou konnen pwogram nan gen yon rejim swen sante epi mande wè yon kopi. Gadri a dwe respekte règ espesyal pou bay timoun medikaman ki san preskripsyon oswa medikaman ki gen preskripsyon

Kenbe Timoun Yo An Sante	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Tout timoun dwe ajou ak vaksen yo.			
Gadyen an/ Pwofesè a lave men l plizyè fwa pou evite mikwòb simaye. Timoun yo lave men yo souvan pandan jounen an tou.			
Anviwònman gadri pwòp. Yo lave jwèt, ekipman ak atè souvan ak dlo ki gen klowòks pou evite mikwòb simaye.			

Lè Timoun Malad oswa Blese	Pwogram 1	Pwogram 2	Pwogram 3
Plan swen sante pwogram nan reponn a bezwen swen sante pitit mwen an.			
Pwogram nan gen yon plan pou jere ijans medikal.			